

31

oktòb

Piga nou pran sa ki pa pou nou. Egzòd 20. 15

Moun ki konn vòlè, se pou li sispann vòlè. Men, pito li redi fè sa ki byen ak men li, dekwa pou li ka genyen pou li bay moun ki nan bezwen.

Efezyen 4. 28

Pawòl 8 : Piga nou pran sa ki pa pou nou

Tout moun aksepte entèdiksyon pou moun vòlè a. Men, nan lavi chak jou a, souvan nou gen enpresyon sa ki vrèman grav la, se lè yo “kenbe vòlè a” ! Alòske, vòlè, se pran sa ki pa pou ou, se peche kont Bondye.

Sans moral kòmandman sa nan lalwa ale pi lwen toujou pou nou menm ki kretyen. Nou kapab vòlè plizyè fason. Lè nou fè engratitid, nou vòlè Bondye epi lè nou gaspiye don li ban nou yo, kòmanse ak egzistans nou, pase pran lasante, kapasite fizik ak entèlektyèl nou yo, tan n ap viv sou latè kote tout moun ka travay ak sa Bondye te ba li a.

Nou vòlè patnè nou ak timoun nou yo, si nou gaspiye lajan ak tan nou nan achte bagay ki pa itil ak nan aktivite ki pa gen okenn benefis olye pou nou ta konsakre yo pou yo menm.

Nou vòlè patwon nou si nou pa respekte lè yo fikse yo oswa si n ap itilize tan antrepriz la pou zafè pèsonèl nou an kachèt. Nou vòlè travayè nou yo si nou pa peye yo sa n ta dwe peye yo a oswa si nou pa pèmèt yo gen yon lavi ki pa twò mal.

Nou vòlè lè n ap gaspiye byen nou yo tandiske gen lòt peyi ki pa menm gen dekwa pou yo viv chak jou.

Zanmi kretyen, ansèyman Kris la gen ladan entèdiksyon pou moun vòlè men li depase l : li envite nou travay, dekwa pou nou ka ede sila yo ki pi mal la. Se yon fason nou ka montre lanmou Bondye te mete nan kè moun ki fè li konfyans yo.

31

octobre

Tu ne déroberas pas. Exode 20. 15

Que celui qui volait ne vole plus, mais plutôt qu'il travaille en faisant de ses propres mains ce qui est bon, pour avoir de quoi donner à celui qui est dans le besoin. Éphésiens 4. 28

Parole 8 : Tu ne voleras pas

L'interdiction de voler est généralement acceptée. Mais dans la vie courante, on a souvent l'impression que ce qui est vraiment grave, c'est de "se faire prendre" ! Or voler, c'est porter atteinte au respect d'autrui, c'est pécher contre Dieu.

La portée morale de ce commandement de la Loi va beaucoup plus loin pour nous, chrétiens. Nous pouvons voler de plusieurs manières. Nous volons Dieu par notre ingratitude et le gaspillage des dons qu'il nous accorde, à commencer par notre existence, notre santé, nos capacités physiques et intellectuelles, ce temps de vie sur la terre où chacun peut faire valoir ce que Dieu lui a donné.

Nous volons notre conjoint et nos enfants si nous gaspillons nos ressources et notre temps à des achats inutiles et à des activités futiles, au lieu de les leur consacrer.

Nous volons notre patron si nous ne respectons pas les horaires convenus ou si nous utilisons en cachette des services de notre entreprise à des fins personnelles. Nous volons nos employés si leur travail n'est pas justement rétribué ou ne leur garantit pas un niveau de vie décent.

Nous volons quand nous gaspillons nos biens matériels alors que d'autres pays manquent du nécessaire pour la vie de chaque jour.

Amis chrétiens, l'enseignement du Christ inclut et dépasse l'interdit du vol : il nous invite à travailler, pour pouvoir aussi aider les plus démunis. C'est une manière d'exprimer l'amour que Dieu met dans le cœur de ceux qui lui font confiance.